



## Bay Transpò An Sekirite pou Pwogram Apre Lekòl nou an

Ekip apre lekòl nou an kontan anpil pou l kapab ofri sèvis transpò bay patisipan pwogram apre lekòl nou an. Chofè otobis devwe nou yo asire ke chak timoun ka byen transpòte lakay yo chak swa.

Pou asire sekirite ak pwoteksyon pasaje ak chofè otobis lekòl yo, elèv yo dwe respekte atant sa yo ke Lekòl Piblik ak Lwazi ak Pak Konte Caroline etabli:

### NAN BIS LA, YO ATANN ELÈV YO:

- Monte nan bis la san pèdi tan, san pouse moun.
- Konpòte w byen, sèvi ak vwa anndan, PA rele.
- Kenbe koulwa a ak pòt ijans lan pwòp (pa egzanp, pye, sak lekòl, elatriye).
- Kenbe bra w, pye w, tèt ou ak tout lòt pati nan kò w andedan bis la tout tan.
- Chita epi fè plas pou lòt moun chita tou. Yon fwa yo fin ajiste kantite pasaje yo nan kòmansman pwogram nan, moun pa gen dwa kanpe.
- Jete fatra yo nan resipyan ki apwopriye yo.

### ELÈV YO PA GEN PÈMISYON POU YO ANKÒ, NAN NENPÒT KI MOMAN:

- Sèvi ak telefòn selilè pou pran foto oswa videyo nan bis la.
- Pote bèt, alkòl, dwòg, tabak, zam, resipyan an vè, oswa eksplozif nan bis la.
- Sèvi ak langaj oswa jès vilgè, goumen oswa angaje nan arasman seksyèl oswa lòt konduit ki pa apwopriye ak/oswa ilegal.
- Jete nenpòt papyè oswa objè nan bis la oswa deyò fenèt yo.
- Louvri pòt ijans lan san pèmisyon.
- Fimen, bwè, manje oswa jwe radyo san kas ekoutè.
- Domaje oswa defòme nenpòt pati nan bis la.
- Gwo objè ki pa ka kenbe sou janm yon elèv, tankou kèk enstriman mizik, pwojè klas, elatriye, pa ta dwe transpòte nan bis la. Paran yo ta dwe fè lòt aranjman pou transpòte bagay sa yo pou ale ak pou soti lekòl.

Kondwi yon bis mande pou atansyon nan kondwi a, epi konpòtman ki distrè chofè a pou l kondui san danje epi fè travay li avèk efikasite se yon bagay ki pa akseptab. Si ou pa kolabore avèk règ ak direktiv sa yo, sa ka lakòz ou jwenn plas espesifik oswa elèv yo pèdi privilèj yo genyen pou bis la. Y ap revize direktiv sa yo avèk elèv yo pandan pwogram apre lekòl la, men tanpri revize yo avèk pitit ou a lakay ou tou.

Si ou gen nenpòt enkyetid, tanpri kontakte kowòdinatè sit ou a oswa biwo CCRP a.